



MESAJ POU KONTRIBISYON SIPÒ POU TIMOUN

Case Name:	Case #:
-------------------	----------------

Lwa Federal ak lwa leta mande pou paran ki pala sipòte pitit yo epi pou paran oubyen moun kap bay timoun nan swen yo ede jwen paran timoun nan pou fè yo bay sipò pou pitit yo. Nan Floride, ofis yo rele Department of Revenue's Child Support Enforcement an angle a ki vle di depatman ki resevwa sipò pou timoun nan bay asistans pou pwoblèm ak sipò timoun.

Paran ki pran swen timoun nan: Kontribisyon sipò pou timoun vle di ke ou bay ofis sipò timoun nan kantite èd ke ou kapab. Sa ka vle di: ke ou bay enfòmasyon sou idantite paran ki pa la-a, non moun sa-a, nimero sosyal sekirite li, adrès li, ede yo jwenn kiyès ki papa legal yon timoun ki fèt san manman ak papal pat marye; vini nan reyinyon yo fè ak moun ki travay nan ofis sipò pou timoun yo; siyen papye legal; Parèt nan tribinal; epi petèt pale nan tribinal. Depatman ki kolekte kòb la, moun kap travay nan ofis sipò pou timoun nan ap diw kisa ou ka fè pouw ede yo.

Kontribisyon ak sipò pou timoun nan gendwa fèw jwenn benefis pou ou ak pou timoun nan, nan sa yo ou ka jwenn:

- Jwenn manman ak papa legal, lèw bezwenn;
- Jwen paran ki pa la-a;
- Jwenn lajan sipò pou timoun nan fèt bay leta sou nonw (sa oblije fèt pou moun ki resevwa TCA);
- Petèt jwenn ase sipò pou ou teka pa bezwen asistans piblik ankò;
- Jwenn dwa pou pitit ou resevwa kòm eritaj de seri de benefis tankou benefis moun ki te nan militè jwenn, sosyal sekirite, etc.

Yo gendwa mande yon bon kòz poutèt pat gen kontribisyon avèk ofis sipò timoun nan. Yon bon kòz ka egziste lè kontribisyon an tap kont enterè paw oubyen enterè timoun nan. Si ou ta renmen mande yon bon kòz, yap mandew bay de seri de bagay ki montre ke bon kòz ou bay la se vre. Si yo deside ke ou gen yon bon kòz, yo pap mandew pou ou kontribiye pou sipò pou timoun yo bay bon kòz pou li a. Si ou panse ou gen yon bon kòz kap fè ou pa oblije kontribiye, oubyen ou vle plis enfòmasyon, di moun kap travay la sa, lap baw plis enfòmasyon.

Si ou pa kontribiye epi ou pa gen yon bon kòz paske ou pa kontribiye, yap elimine sa yo rele TCA an angle ou a epi ou pap ka resevwa fich manje (food stamp) pou tèt ou. Pitit ou a ap toujou ka resevwa Medicaid ak fich manje (food stamp); men, tout sa ou te bezwen yo ap elimine nan nenpòt benefis Medicaid ou te genyen oubyen ke ou te gendwa resevwa.

Mwen li mesaj sa-a ki pale de kontribisyon sipò timoun ak bon kòz.

Siyati

Dat

Siyati Economic Self-Sufficiency Specialist a

Dat

OFFICE USE ONLY:

Case Number

District

County

Unit

Case Name